

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, struktur raraga skripsi anu dijéntrékeun ieu di handap.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuh sapopoé, tangtuna teu leupas tina rupa-rupa kajadian anu geus kaalaman. Éta pangalaman téh tangtu ngawengku pangalaman kabungah, pikaresepen, pikasediheun, jsté. Pangalaman anu karandapan téh tangtuna sok ditepikeun atawa dicaritakeun deui ngaliwatan interaksi jeung komunikasi ka nu séjén ngagunakeun basa, boh basa lisan, boh basa tulisan.

Nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu kudu diajarkeun ka siswa. Ku cara nulis, siswa bisa nepikeun gagasan, pikiran, jeung perasaanana ka siswa séjén. Sabab nulis mangrupa alat komunikasi teu langsung anu diébréhkeun ngaliwatan média tinulis. Ieu hal saluyu jeung pamadegan (Haerudin & Suherman, 2013) yén dina nulis aya opat kaparigelan basa anu kudu dicangking nyaéta maca, ngaregepkeun, nulis, jeung nyarita. Dina ieu kaparigelan basa, nulis kaasup kaparigelan basa anu panghéséna.

Salian ti éta disebut hésé lantaran nulis nyaéta kagiatan nu produktif jeung éksprésif nu tangtu merlukeun kamampuh kognitif anu luhur. Dina émpronan teu jarang nu nulis hésé ngatransformasikeun ide nu aya di pikiran ku wangu tulisan. Nulis lain ngan saukur ngalahirkeun pikiran hungkul tapi ogé ngébréhkeun gagasan, élmu pangaweruh, jeung pangalaman hirup dina tulisan. Ku sabab éta nulis mangrupa hiji kagiatan anu kompléks tur kudu diajarkeun (Oktaviani, 2019)

Pamadegan séjén ngébréhkeun yén nulis téh nyaéta kaparigelan ngagunakeun pola-pola basa dina nepikeunna sacara tinulis pikeun ngébréhkeun hiji gagasan atawa pesan. (Sobari, 2013)

Dina sawatara pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén nulis jadi salasahiji kagiatan nepikeun hiji informasi anu ngagunakeun média tulisan. Salian ti éta, nulis mangrupa kamampuh ngébréhkeun gagasan, eusi pikiran, jeung kereteg haté.

Dina kagiatan nulis loba hambatan nalika ngalarapkeunna. Salasahijina nyaéta siswa masih kénéh ngarasa can mampuh dina ngamekarkeun ide jeung gagasanna. Nurutkeun hasil wawancara jeung guru Basa Sunda di SMP Pasundan 6 Bandung masih aya kénéh sababaraha siswa anu tara maké basa Sunda di sabudeureun sakola jeung kulawargana. Ku kituna, kosa kecap basa Sunda anu dipiboga ku siswa téh heureut pisan nalika ngamekarkeun idena kana wangun tinulis.

Pangalaman pribadi mangrupa hiji pangalaman anu karandapan ku unggal jalma dina kahirupanana. Pangalaman anu kalakonan bisa mangrupa pangalaman anu sedih, gumbira jeung sajabana (Wijiati, 2021) nétélakeun yén pangalaman pribadi nyaéta hiji kajadian anu kungsi kaalaman ku diri sorangan di mangsa katukang. Pangalaman pribadi biasana sok diébréhkeun dina wangun tulisan anu méré hiji hal boh pikabungaheun, pikasediheun jeung hal-hal anu séjénna dina kahirupan pribadi pangarang atawa nu nulis.

Nulis pangalaman pribadi mangrupa wincikan tina narasi. Nurutkeun (Wibowo, 2020) ngébréhkeun yén karangan narasi nyaéta karangan anu ngagambarkeun kajadian nu tangtu. Dina nulis karangan narasi, panulis kudu ngawangun unsur tindakan sangkan anu maca bisa ngarasakeun kajadian anu keur karandapan.

Nulis pangalaman pribadi ogé jadi salahiji pangajaran dina kaparigelan nulis basa Sunda anu kudu dicangking ku siswa kelas VII. Dumasar Kurikulum Merdéka kaasup kana Fase D kelas VII, anu Capaian Pembelajaranana saperti kieu: “*Peserta didik mampu menyampaikan informasi atau pesan (perasaan, ide, pikiran, dan keinginan) yang bermacam-macam teks tertulis nonfiksi dengan menggunakan kosa kata atau idiom bahasa yang khas Bahasa Sunda untuk tujuan tertentu. Peserta didik mampu menyampaikan informasi atau pesan berdasarkan sumber tertentu (fakta, pengalaman, dan imajinasi) estetis dan kreatif dalam jenis teks fiksi Sunda yang sesuai kaidah Bahasa Sunda dan Norma Budaya. Peserta didik dapat menulis kata-kata dan kalimat sederhana sesuai dengan aturan*”.

(Dinas Pendidikan, 2017, kc. 49)

Dina kagiatan diajar di sakola, guru kudu bisa ngadumaniskeun kréativitas jeung inovasi sangkan siswa bisa maham kana matéri anu ditepikeun. Guru di

kelas masih kénéh ngagunakeun métode ceramah dina nepikeun matéri jeung jarang ngagunakeun modél pangajaran. Métode ceramah anu dipaké pikeun nerangkeun matéri di kelas tingkat interaksi jeung siswana kawilang kurang. Ieu hal ngabalukarkeun siswa kurang aktif jeung hésé maham kana eusi matéri anu ditepikeun di kelas (Oktaviani, 2019).

Dina nulis pangalaman pribadi masih loba kénéh siswa anu kamalayon jeung teu ngalarapkeun struktur kabasaanana. Ku kituna dipikabutuh cara pikeun narékah ieu pasualan. Anapon salahiji tarékah anu bisa dilaksanakeun pikeun ngirut jeung ngabantuan diajar nulis pangalaman pribadi téh nyaéta ngagunakeun modél pangajaran *Picture Word Inductive*.

Modél pangajaran nyaéta karangka konséptual anu ngagambarkeun prosedur sacara sistematis dina ngaorganisasikeun pangalarnan pikeun ngahontal tujuan diajar. Lumangsungna interaksi prosés diajar antara guru jeung siswa anu anyar mangrupa tujuan tina aktivitas diajar siswa dina nyangking (Hendracipta, 2021). Modél pangajaran miboga ma'na leuwih lega tibatan stratégi, métode atawa prosedur pangajaran. Istilah modél pangajaran miboga opat ciri husus anu teu dipiboga ku stratégi jeung métode pangajaran nyaéta: rasional tioritis logis anu disusun ku pangajar, tujuan pangajaran anu rék dihontal, léngkah-léngkah diajar anu dibutuhkeun pikeun lumangsungna pangajaran sacara optimal, suasana diajar nu dibutuhkeun pikeun kahontalna prosés pangajaran.

Anapon nurutkeun (Tabany, 2017) nétélakeun yén modél pangajaran nyoko kana pamarekan pangajaran nu tangtu, kaasup tujuan-tujuanana, lingkunganana, jeung sistem pengelolaana. Pangajaran nulis pangalaman pribadi bisa éfektif, lamun guru bisa ngagunakeun modél pangajaran anu luyu jeung matéri pangajaranana. Dina ieu panalungtikan, modél anu digunakeun nyaéta modél *Picture Word Inductive*. Nurutkeun (Calhoun, 1999) *Picture Word Inductive* nyaéta salahiji modél anu ngagunakeun kecap jeung gambar pikeun ngarangsang kamampuh siswa dina mikir sacara induktif tina pamikiran spésifik (ku cara nitenan gambar jeung kecap konci) ka pamikiran umum (nyieun kekecapan anu disadiakeun jadi paragraf). Ieu modél dianggap cocog pikeun ngirut siswa kana diajar, mikir leuwih taliti jeung leuwih babari dina nginget-ningget unsur-unsur nulis pangalaman pribadi.

Sacara tioritis modél pangajaran *Picture Word Inductive* mangrupa salahsahiji modél pangajaran anu dilakukeun ku cara méré gambar stimulus umum pikeun kecap konci dina objék-objék gambarna pikeun ngukur kamampuh siswa dina nyangkem atawa henteuna kana éta kecap, ku cara dilarapkeun tur ditulis dina wangun kalimah atawa paragraf, sakabéh atawa sabagian kecap anu aya dina éta gambar dipiharep modél pangajaran *Picture Word Inductive* téh bisa jadi altermatif dina pangajaran nulis pangalaman pribadi pikeun siswa di SMP sangkan leuwih optimal. Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Picture Word Inductive*.

Sacara émpris ieu modél panalungtikan téh pernah dilaksanakeun, anapon panalungtikan saméméhna saperti kieu:

Modél *Picture Word Inductive* Dina Pangajaran Nulis Warta (Oktaviana, 2019). Hasil panalungtikanana nya éta kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun Modél *Picture Word Inductive*, rata-rata peunteuna 61,51 kagolong kana katégori hadé tina skala peunteun 51-75. Dumasar kana kritéria aspék nulis warta, kamampuh nulis warta siswa kawilang kurang. Aya ogé kamampuh nulis warta sanggeus ngagunakeun Modél *Picture Word Inductive*, rata-rata peunteuna 83,06 kagolong kana katégori hadé pisan tina skala peunteun 76-100. Ieu hal dumasar kana kritéria aspék nulis warta di antarana: jejer warta, unsur 5W+1H, struktur panulisan warta, kaéféktifan kalimah. Ejahan jeung diksi.

“Modél Pangajaran Indukif Kata Bergambar pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan Lalampahan” (Yani, 2016). Ditilik tina hasil panalungtikanana nya éta aya hasil *pretest* jeung hasil *post-test* nalika nulis laporan lalampahan Kelas VII-C SMPN 16 Bandung saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél induktif kata bergambar. Rata-rata peunteun *pre-test* 57,09 hasil *post-test* na ngaronjat jadi rata-rata peunteunna 87,14. Hartina aya peningkatan 30,05%.

Salian ti éta aya ogé panalungtikan séjéna nu judulna ngeunaan “Penerapan Modél Inductive Kata Bergambar Berbasis Kearifan Lokal Dalam Pembelajaran Menulis Téks Déskripsi ” (Eka, 2017) Ditilik tina hasil panalungtikanana nya éta aya *pretest* jeung *posttest* nalika nulis téks déskripsi saméméh jeung saenggeus

ngagunakeun modél induktif kata bergambar. Rata-rata peunteun *pre-test* 56,03 hasil *post-test* na ngaronjat jadi rata-rata peunteunna 76,00. Hartina aya peningkatan 40,05%.

Dumasar hasil panalungtikan saméméhna, kapanggih nilai rata-rata anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *post-test* dina kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus dibéré *treatment*. Bédana tina panalungtikan saméméhna nyaéta ieu panalungtikan ngalarapkeun modél *Picture Word Inductive* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi.

Numutkeun (Firmansyah, 2022) kaonjoyan modél *Picture Word Inductive* nyaéta ieu modél téh ngarojong diajar nyieun kalimah, ngahasilkeun pamahaman ngeunaan nulis, ogé ngamekarkeun tulisan (jejer, kalimah jeung paragraf), ngaronjatkeun minat jeung kamampuh pikeun ngaékspresikeun ku cara nulis jeung ngamekarkeun gawé bareng diajar jeung batur dina kaparigelan maca jeung nulis.

Sangkan matéri pangajaran nulis pangalaman pribadi kacangkem ku siswa kalawan diperlukeun stratégi dina nepikeun matéri di kelas. Modél *Picture Word Inductive* minangka stratégi anu cocog pikeun ngungkulon pasualan anu karandapan ku siswa dina diajar nulis pangalaman pribadi.

Dumasar kana panalungtikan di luhur ngarojong, sabab méré gambaran keur nyieun panalungtikan kahareupna. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan Modél *Picture Word Inductive* Dina Pangajaran Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Fase D di SMP Pasundan 6 Bandung Taun Ajar 2023/2024) perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

Dina ieu bab dipedar ngeunaan idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, kapaluruh yén kapanggih sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta:

- a. siswa masih kénéh can mampu kana nulis pangalaman pribadi sarta kurangna kamampuh dina nulis pangalaman pribadi, boh dina strukturna, boh dina aspek kabasaanana;
- b. modé'l pangajaran can bisa ngahudang minat jeung motivasi ogé can dipaké dina pangajaran nulis pangalaman pribadi.

1.2.1 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihadap:

- a. Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa Fase D di SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh ngagunakeun modé'l *Picture Word Inductive*?
- b. Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa Fase D di SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024 sanggeus ngagunakeun modé'l *Picture Word Inductive*?
- c. Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi nu ngagunakeun modé'l *Picture Word Inductive* jeung nu teu ngagunakeun modé'l *Picture Word Inductive*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung husus. Anapon tujuan umum jeung husus saperti ieu dihadap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éfektif henteuna modé'l *Picture Word Inductive* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi ka siswa Fase D SMP Pasundan 6 Bandung Taun Ajar 2023/2024. Bisa ogé dirarancang ku siswa dina ngalaksanakeun jeung ngaévaluasi prosés pangajaran nulis pangalaman pribadi, sarta pikeun mikanyaho modé'l nu dipikaresep ku siswa.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeyun:

- a. kamampuh nulis pangalaman pribadi ka siswa Fase D di SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh ngagunakeun modél *Picture Word Inductive*;
- b. kamampuh nulis pangalaman pribadi ka siswa Fase D di SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024 sanggeus ngagunakeun modél *Picture Word Inductive*; jeung
- c. ayana signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi nu ngagunakeun modél *Picture Word Inductive* jeung nu teu ngagunakeun modél *Picture Word Inductive*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu miboga mangpaatna. Sakumaha kasang tukang anu geus diébréhkeun, mangpaat ieu panalungtikan dibagi jadi dua diantarana aya mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nambahán élmu pangaweruh ngeunaan modél *Picture Word Inductive* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi. Salian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat jeung motivasi dina pangajaran basa Sunda. Ogé urang bisa mikanyaho kumaha cara anu cocog tur éfektif dina modél *Picture Word Inductive* sangkan ngirut dina kamampuh pangajaran nulis pangalaman pribadi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta di antarana:

- a. Pikeun siswa

Siswa bisa aktif ngaliwatan modél *Picture Word Inductive* tur bisa ngirut dina pangajaran nulis pangalaman pribadi;

b. Pikeun guru

Guru bisa ngagunakeun modél *Picture Word Inductive* henteu ngan saukur dina pangajaran nulis pangalaman pribadi, ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran di sakola;

c. Pikeun sakola

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun sakola dina kualitas pangajaran basa Sunda;

d. Pikeun panalungtik

Panalungtik bisa ngeuyeuban ogé nambahán élmu pangaweruh jeung mikanyaho ngeunaan modél *Picture Word Inductive* anu patali jeung kamampuh siswa dina pangajaran nulis pangalaman pribadi; jeung

e. Pikeun pamaca

Pamaca dipiharep bisa nambahán élmu pangaweruh ngeunaan modél *Picture Word Inductive* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi.

1.5 Struktur Raraga Skripsi

Sangkan leuwih jéntré, tur aya kasaruan ngeunaan istilah-istilah pokonu di paké dina ieu panalungtikan, diwincik ku:

Raraga tulisan dijieuun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab 1 Bubuka, anu ngawengku kasang tukang medar ngeunaan pasualan anu ka identifikasi, rumusan masalah anu ngaguar ngeunaan indéntifikasi masalah dumasar kasang tukang sarta rumusan masalah dina sababaraha kalimah pananya, tujuan panalungtikan anu medar tujuan panalungtikan sacara umum jeung husus, mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, anu ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél *Picture Word Inductive*, nulis, pangalaman pribadi, jeung modél *Picture Word Inductive* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi. Salian ti éta, dina bab II dipedar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III Métode Panalungtikan, anu ngaawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, anu ngawengku kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa saméméh ngagunakeun modél *Picture Word Inductive*, kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa sanggeus ngagunakeun modél *Picture Word Inductive* jeung bédana kamampuh nulis pangalaman pribadi ka siswa Fase D (Kelas VII-C) di SMP Pasundan 6 Bandung taun ajar 2023/2024.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi ka panulis, jeung implikasi modél *Picture Word Inductive* boh pikeun guru boh pikeun nu lianna dina prosés pangajaran, hususna dina pangajaran nulis pangalaman pribadi.